

# Florida KidCare ENSTRIKSYON

Ak Florida KidCare, leta laflorid ofri yon asirans lasante ki kouvri timoun depi yo fèt jis lè yo gen 18 an, menm si toude paran pitit la ap travay. Li gen kat pwogram—oubyen kat seksyon diferan. Lè ou fè aplikasyon pou asirans, Florida KidCare pral tcheke pou wè nan ki pwogram pitit ou ka kalifye dapre laj li ak salè fanmi lan:

- **MediKids:** pou timoun san asirans ki gen ant laj 1 an ak laj 4 an.
- **Healthy Kids:** pou timoun san asirans ki gen ant laj 5 kan ak laj 18 an.
- **Children's Medical Services Network:** pou timoun apati jou yo fèt jiska 18 lane ki pa gen asirans men ki bezwen swen medikal espesyal.
- **Medicaid:** pou timoun depi yo fèt jiskaske yo gen laj 18 an. Yon timoun ki gen lòt asirans medikal kapab toujou kalifye pou Medicaid.

Kèk pwogram Florida KidCare ka gen plas limite, epi nou aksepte aplikasyon yo dapre kantite moun antou ki aplike. Lè MediKids, Healthy Kids ak Children's Medical Services Network pa gen plas pou plis timoun, anwolman pou pwogram sa yo ap fèmen. Medicaid aksepte timoun ki kalifye nenpòt lè na lane a. Medicaid toujou ouvri pou timoun sa yo.

## Kijan pou mwen fè aplikasyon? Li enstriksyon yo

Gen plizyè fason pou soumèt yon aplikasyon.

- Si w deja ranpli aplikasyon pou Florida KidCare, rele 1-888-540-5437 pou mete enfòmasyon w ajou.
- Nan entènèt: Ranpli aplikasyon nan [www.floridakidcare.org](http://www.floridakidcare.org)
- Aplikasyon sou papye: Sèvi ak plim ble oubyen nwa, pou w ranpli aplikasyon an epi pote-l lapòs tousuit. Swiv direksyon ki make sou aplikasyon an epi sèvi ak gwo lèt pou make repons ou yo. Men enpe enfòmasyon pou ede w ranpli aplikasyon an.

## SEKSYON 1. Enfòmasyon sou paran.

**Nimewo sosyal sekirite (SSN).** Li pa obligatwa pouw mete nimewo Sosyal Sekirite yon moun majè sou aplikasyon an. Si ou ekri nimewo sosyal sekirite la, Florida KidCare pral sèvi ak nimewo a sou òdinatè pou li ka koresponn enfòmasyon lòt ajans oubyen lòt biwo genyen pou-l ka ede-l evalue aplikasyon pitit ou an pi vit. Nou pap pataje enfòmasyon pèsònèl ou ak Sevis Sitwayente ak Imigrasyon Etazini (USCIS).

**Enfòmasyon sou konpayi travay la.** Ekri nimewo telefòn ak non konpayi kote ou travay la sou aplikasyon an. Si ou travay plizyè kote, ekri non chak konpayi travay ou. Si ou travay pou tèt pa-w, ekri "travay ou tèt pam". Si ou pap travay, ekri "pap travay".

**Asirans medikal nan travay.** Pou premye paran ak ou dezyèm paran an, di nou si konpayi kote ou travay la ofri asirans medikal pou pitit ou, menm si lan pa kouvri nan asirans medikal travay la kounye la. Nou bezwen konnen tou konbyen lap koute chak mwa pou ajoute pitit lan oubyen pitit yo nan asirans medikal konpayi kote wap travay la.

## SEKSYON 2. Enfòmasyon sou timoun.

Enfòmasyon sa a pral ede Florida KidCare detèminen si pitit ou ka kalifye pou asirans mwen chè an oubyen asirans gratis.

- Reponn kesyon ki sou fon koulè diferan pou chak pitit ki rete avèk ou. Pou yon pitit ki poko fèt, ekri "poko fèt" nan ti bwat Prenon an epi reponn ki relasyon li ak Premye paran an, relasyon li ak Dezyèm paran epi di si wap aplike pou Florida KidCare pou li. Pa reponn okenn lòt kesyon pou pitit ki poko fèt la. Apre pitit ou a fèt, rele Florida KidCare pou bay rès enfòmasyon aplikasyon an pou li.
- Reponn tout kesyon yo ki nan Seksyon 2 pou chak pitit ki bezwen asirans lasante Florida KidCare.

**Nimewo kat sosyal sekirite (oubyen SSN) paran an.** Si ou gen nimewo sosyal sekirite (SSN) pou pitit ou, ekri li sou aplikasyon an. Nou sèvi ak nimewo sosyal sekirite yo sèvi pou kominike ak lòt ajans.

Si pitit ou pa gen yon nimewo sosyal sekirite, ekri sou aplikasyon an dat ou te fè aplikasyon pou li oubyen dat ou te eseye fè aplikasyon pou yon nimewo sosyal sekirite. Pou-w aplike pou yon nimewo sosyal sekirite pou pitit ou, tanpri rele Biwo Sekirite Sosyal la nan 1-800-772-1213. Si ou ka ale sou entènèt, ale nan adrès: [www.ssa.gov](http://www.ssa.gov) pou jwenn èd pou ka fè aplikasyon pou yon nimewo sosyal sekirite.

**Nasyonalite timoun lan.** Ekri "Wi" si pitit ou sitwayen ameriken.

**Enfòmasyon enpòtan pou imigran.** Timoun ki pa sitwayen kapab kalifye pou Florida KidCare. Si pitit ou a pa sitwayen ameriken, tanpri ekri ni dat premye fwa pitit ou vin isit nan peyi etazini ak ni nimewo sosyal sekirite pitit ou. Fè yon fotokopi devan ak dèyè tout papye sa yo ou gen pou chak pitit ke ou ap ranpli aplikasyon pou Florida KidCare epi mete fotokopi yo ak aplikasyon:

- Fòm I-551/I-515 (Grin kat, kat rezidan pèmanan oubyen kat etranje ki ap rezide isit)
- Fòm I-94 (dosye sou arive/depa)

■ Fòm I-571 (Otorizasyon pou vwayaje)

■ Paspò ki gens o imigrasyon, ki montre estati imigran li genyen oubyen viza imigrasyon an, ak non mèt paspò a epi foto li.

■ Avi ki di USCIS resevwa fòm I-589 la (Aplikasyon pou azil).

■ Dokiman I-688B oubyen Dokiman I-766 (kat otorizasyon pou travay)

■ Lòt dokiman pou etabli estati w, tankou yon lèt ki soti nan Imigrasyon (USCIS, DHS, jij imigrasyon oubyen jij koudapèl imigrasyon)

**Enfòmasyon enpòtan sou enfòmasyon ou ban nou.** Tout sa ou di nou sou pozisyon sitwayèn/nasyonalite pitit ou konfidansyèl, Florida KidCare pap bay Sevis Sitwayente ak Imigrasyon Etazini (USCIS) yo. Enfòmasyon sou estati imigrasyon yon paran pa nesèsè pou fè aplikasyon pou Florida KidCare. Enskripsyon yon timoun fè nan Florida KidCare pap koze okenn moun pwoblèm nan aplikasyon li fè pou sitwayèn oubyen nan kad aplikasyon pou rezidans pèmanan legal li a.

**Etnik/ras timoun lan.** Enfòmasyon sa a pa obligatwa ni nou pap sèvi ak li pou detèminen kalifikasyon. Si ou bay enfòmasyon sa a, lap sèvi pou rechèch epi pou garanti tout moun jwenn menm tretman, san pati pri.

Chwazi A oubyen B epi ekri nan premye bwat la nan seksyon "Ras" la ki sou aplikasyon an:

**A = Panyòl oubyen laten      B = Pa panyòl oubyen pa laten**

Chwazi de chif maksimòm epi ekri yo nan dezyèm ak twazyèm bwat yo ki sou aplikasyon an:

- 1 = Endyen ameriken oubyen natif natal Alaska
- 2 = Azyatik
- 3 = Nwa oubyen afriken ameriken
- 4 = Natif natal Awayi oubyen lòt zile nan pasifik la
- 5 = Blan

**Dwa timoun genyen pou benfisye asirans medikal atravè konpayi kote ou travay la.** Pou chak timoun kap fè aplikasyon pou Florida KidCare, di nou si timoun nan ka kouvri nan yon pwogram asirans medikal konpayi travay premye paran oubyen dezyèm paran an ofri, menm si timoun nan pa kouvri nan asirans medikal travay la kounye la.

Reponn "non" pou kesyon #1 si pitit ou gen sèlman asirans pou aksidan, asirans enfimite oubyen kat rabè pou swen medikal.

Si pitit ou an gen yon pwoblèm medikal ki egziste deja eki anpeche li gen asirans medikal nan konpayi travay premye paran an oubyen dezyèm paran an, reponn "non" pou kesyon #2. Yon timoun ki gen yon pwoblèm medikal ki egziste deja ka toujou kalifye pou Florida KidCare.

**Klarifikasyon sou: "Anile volontèman" asirans medikal yo bay nan konpayi wap travay.** Si w anile asirans konpayi travay pou pitit ou nan lespas 6 dènye mwa yo poutèt youn nan rezon sa yo, reponn "non" pou kesyon #3:

- Paran pèdi travay ki te bay asirans pou timoun lap mande asirans sante pou li a nan aplikasyon sila.
- Paran, ki te gen travay ki founi asirans sante timoun yap mande asirans pou li nan aplikasyon sila a, mouri.
- Travay, ki te bay asirans sante pou pitit yap mande asirans pou li nan aplikasyon sila, te anile asirans la.

■ Asirans sante pitit moun kap ranpli aplikasyon an fini poutèt pitit la satisfè limit kouvèti posib pou lavi oubyen limit benefis pou ane a.

■ Paran timoun yap mande asirans pou li nan aplikasyon sila a te blije anile asirans COBRA oubyen asirans COBRA a rive nan limit li.

■ Vyolans lakay la lakòz asiran nan travay la anile pou timoun yap mande asirans pou li nan aplikasyon a.

■ Paran ki pa gen responsablite pitit la anile asirans sante li tap peye nan travay li pou pitit la.

## SEKSYON 3. Enfòmasyon sou moun nan kay la.

**Moun "Lakay" la vle di moun majè ak minè ki abite avèk ou, eksepte moun ki lwe.**

## SEKSYON 4. Enfòmasyon sou salè-w pa mwa.

**SEKSYON 4a. Kòb ke-w touche nan travay ou (Earned Income).** Si ou menm oubyen lòt moun lakay la gen yon salè kèlkonk nan travay li, voye bonjan fotokopi dokiman sayo bay Florida KidCare:

1. Dènye dosye enpo, OUBYEN
2. Resi pewòl oubyen resi salè pou tou dènye mwa a oubyen yon lèt konpayi kote wap travay la ekri ki di konbyen lajan ou touche pou dènye kat semenn yo, OUBYEN
3. Papye (Fòm) W-2 (Salè ak dosye enpo).

Si pa gen moun nan fanmi w ki fè lajan, ekri "Okenn" nan premye kolòn nan epi kontinye ale nan Seksyon #4b.

**SEKSYON 4b. Kòb ke-w resevwa san ou pa travay pou li (Unearned Income).** Fò ou mete prèv tout kòb ke-w resevwa san ou pa travay pou li. Si ou-menm oubyen nenpòt lòt moun lakay ou resevwa nenpòt kob san yo pa travay pou li, fè yon kopi lèt konfimasyon an oubyen resi pewòl epi mete li ak aplikasyon Florida KidCare la. Egzanp yon kòb ou resevwa san ou pa travay pou li se benefis sekirite sosyal, benefis pou enfimite, chomaj, pansyon, konpansasyon asirans pou aksidan nan travay ak benefis pou veteran.

Si pa gen moun lakay la ki gen kalite salè sila, ekri "OKENN" nan premye kolòn lan epi kontinye nan Seksyon #4c.

**SEKSYON 4c. Pansyon alimantè pou timoun ou resevwa.** Si ou resevwa pansyon alimantè pou timoun, fò ou mete prèv pou li. Egzanp prèv pou pansyon alimantè pou timoun se yon kopi desizyon tribinal la, yon kopi dènye chèk pou resevwa pou chak timoun, oubyen yon lèt paran ki peye pansyon alimantè pou timoun lan ekri.

**SEKSYON 4.** Rapèl. Si salè-w diferan kounye parapò ak salè ki sou kopi dokiman wap voye yo, ekri rezon ki fè li diferan nan fen Seksyon 4 aplikasyon an.

## SEKSYON 5 ak SEKSYON 6.

Tanpri swiv enstriksyon ki nan aplikasyon an.

### Konbyen pou mwen peye chak mwa pou asirans?

■ Pa gen frè pou peye pou Medicaid pou timoun (KidCare Medicaid).

■ Pou lòt pwogram Florida KidCare, frè pa mwa pral depann de konbyen moun ki nan fanmi lan epi de salè fanmi lan. Pifò nan fanmi yo peye \$15 oubyen \$20 pa mwa. Nou va fè ou konnen si ou ta gen pou peye plis.

■ Si ou voye yon chèk oubyen yon money order, ekri li bay Florida KidCare. Pa voye kach. Nou va ranbouse ou peman a, si pitit ou (oubyen pitit ou yo) kalifye pou Medicaid oubyen si yo pa kalifye pou asirans lan.

■ Ou ka gen pou peye yon ti frè oswa yon kotizasyon pou enpe sèvis.

### Kisa ki ale nan aplikasyon an?

**Lis la.** Anvan ou voye aplikasyon ou an, fè atansyon ou reponn kesyon yo epi ou siyen li epi mete dat la sou aplikasyon an. Aplikasyon an pa konplè si w pa mete siyati w sou toude liy yo.

Sèvi ak lis la pou ka sèten wap voye tout dokiman nesèsè yo ak aplikasyon an. Tanpri voye kopi—pa voye dokiman orijinal yo.

#### Dokiman sou revni ki nesèsè:

- Dènye dosye enpo, OUBYEN
- Resi pewòl oubyen resi salè pou tou dènye mwa a oubyen yon lèt konpayi kote wap travay la ekri ki di konbyen lajan ou touche pou dènye katsemenn yo, OUBYEN
- Papye (Fòm) W-2 (Salè ak dosye enpo).
- Si ou resevwa revni kalkile alavans, mete yon kopi lèt atribisyon an oubyen yon resi chèk pewòl.
- Si ou resevwa peman pou pansyon alimantè pou timoun ou, mete yon kopi desizyon tribinal la, oubyen tou dènye chèk ou resevwa nan mwa a pou chak timoun, oubyen yon lèt paran ki peye pansyon alimantè pou timoun lan ekri.

#### Lòt dokiman:

- Nap kite w konnen si n bezwen fotokopi batistè oubyen pyès didantite pitit ou.
- Si pitit ou an pa sitwayen ameriken, mete yon kopi devan ak dèyè dokiman imigrasyon pou chak timoun wap soumèt aplikasyon pou li nan Florida KidCare.
- Si pitit ou an Endyen ameriken oubyen natif natal Alaska, mete yon kopi devan ak dèyè kat idantifikasyon tribi a oubyen lòt dokiman ki idantifye tribi li.

Nou sijere ou fè yon kopi tout aplikasyon ou pou dosye pèsònèl ou anvan ou voye aplikasyon ou an. Pa bliye mete ase tenb sou anvlop la anvan ou voye li. Mete aplikasyon an nan lapòs ansanm ak dokiman yo bay: **Florida KidCare, P.O. Box 980, Tallahassee, FL 32302-0980.**

### Kisa kap rive apre mwen voye aplikasyon an?

Aplikasyon an ap bon pou 120 jou apre nou resevwa li. Si pitit ou pa enskri nan MediKids, Healthy Kids oubyen Children's Medical Services Network nan 120 jou, nap fè ou konnen pou ou ka aplike ankò. Nou ka sèvi ak yon aplikasyon ki gen plis ke 120 jou pou nou gade si timoun nan kalifye pou Medicaid.

Nap kite ou konnen lè nou resevwa aplikasyon ou an. Lap pran plizyè semenn pou nou travay sou aplikasyonou an. Premyèman nap tcheke pou wè si pitit ou yo ka kalifye pou Medicaid. Wap resevwa plis enfòmasyon si pitit ou yo kalifye pou Medicaid. Si nenpòt nan pitit ou yo kalifye pou lòt pwogram Florida KidCare, nap fè-w konnen. Nap antre an kontak ak ou si nou bezwen plis enfòmasyon oubyen si w dwe voye yon peman.

Si anwolman pou MediKids, Healthy Kids ak Children's Medical Services Network la yo ap fèmen, nap fè ou konnen lè nou resevwa aplikasyon ou an. Nap tcheke pou wè si pitit ou yo ka kalifye pou Medicaid. Wap resevwa plis enfòmasyon si pitit ou yo kalifye pou Medicaid. Si pitit ou yo pa kalifye pou Medicaid, wap gen pou-w voye yon dezyèm aplikasyon pandan pwochen peryòd la lè MediKids, Healthy Kids ak Children's Medical Services rezo sa yo ap ouvri.

Ou ka mande pou yo revize yon desizyon si ou kwè desizyon an pat jis oubyen pat bon. Rele gratis 1-888-540-5437 pou plis enfòmasyon.

### Ki lè asirans lan kòmanse?

■ **MediKids ak Healthy Kids:** Asirans lan kòmanse apre aplikasyon an anrejistre epi otorize. Nou va fè ou konnen ki lè asirans lan kòmanse. MediKids ak HealthyKids pap peye pou sèvis medikal pitit ou te resevwa anvan dat asirans lan kòmanse.

■ **Children's Medical Services Network:** Asirans lan kòmanse apre aplikasyon an anrejistre epi otorize. Nouva fè ou konnen ki lè asirans lan kòmanse. Children's Medical Services Network services ka kòmanse pi bonè si pitit ou gen bezwen sèvis medikal ijan. Rezo Asirans Children's Medical Services Network la disponib tou pou timoun ki bezwen swen medikal espesyal e ki kalifye pou Medicaid.

■ **Medicaid:** Si pitit ou yo kalifye pou Medicaid, asirans lan kòmanse nan mwa nou te resevwa aplikasyon ou. Si ou gen bòdwo medikal ki pa peye pou pitit ou nan dènye twa mwa anvan ou fè aplikasyon pou Medicaid la, li posib pou Medicaid ta peye yo pou ou.

### Enfòmasyon enpòtan sou Medicaid

Sa se enfòmasyon enpòtan sou dwa ak responsablite ou fèt pou konnen si pitit ou kalifye pou Medicaid:

- Enfòmasyon mwen mete sou aplikasyon an se laverite epi se enfòmasyon ki korèk dapre ransèyman mwen genyen. Mwen ka gen pwoblèm ak lalwa si yo vin aprann enfòmasyon mwen bay la pa kòrèk oubyen ke mwen pa bay tout enfòmasyon nesèsè epi pitit mwen te kalifye pou resevwa benefis medikal. Mwen ka gen pou mwen remèt Medicaid lajan yo peye pou li a.
- Mwen konnen yo pral tcheke tout enfòmasyon mwen bay sou salè nou epi sou sityasyon fanmi nou, epi yo pral koresponn li ak menm enfòmasyon ki sou òdinatè. Mwen dakò pou kite Depatman Timoun ak Fanmi an resevwa enfòmasyon yo bezwen.
- Mwen konnen—dapre lalwa ki ekri sou fo temwayaj—tout enfòmasyon sou aplikasyon an korèk dapre ransèyman mwen genyen. Mwen konnen nimewo sekirite sosyal pral sèvi pou ka gen enfòmasyon nesèsè pou verifye konbyen kòb mwen touche. Mwen ka genyen pou m founi enfòmasyon siplemantè, tankou prèv sitwayènte ak pyès didantite pou pitit mwen yo.
- Mwen konprann obligasyon pou Medicaid ka diferan pase tout lòt pwogram Florida KidCare.
- Mwen dakò pou fè Depatman Timoun ak Fanmi an konnen avan 10 jou pase si gen nenpòt ki chanjman nan: moun ki rete ak nou nan kay la; kote nou rete oubyen adrès kote nou resevwa lèt nou; epi sou asirans lasante.
- Mwen konnen si pitit mwen yo pa kalifye pou Medicaid nan aplikasyon Florida KidCare la, mwen ka pran kontak ak biwo lokal Depatman Timoun ak Fanmi pou wè si pitit mwen ka kalifye pou Medicaid sou lòt baz.
- Mwen bay Medicaid pèmasyon pou: bay nenpòt ki konpayi asirans enfòmasyon medikal sou pitit mwen epi pou yo resevwa peman nan men nenpòt ki moun ki sipoze peye pou sèvis sa a, ak pèmasyon poul sa resevwa peman pou bòdwo medikal yo.
- Mwen konnen Medicaid paka diskrimine akòz ras, koulè po, sèks, laj, enfimite, relijyon, nasyonalite oubyen akòz rezon politik.
- Mwen konnen mwen ka mande pou anplwaye nan Depatman Timoun ak Fanmi ban mwen yon lodyans san patipri si mwen kwè desizyon sou ka mwen an enjis, enkorèk oubyen si yo te pran desizyon an twò ta.

**Mwen bezwen èd ak pansyon alimantè pou pitit mwen yo?  
Rele 1-800-622-5437. Apèl sa a gratis.**





### SEKSYON 3. Enfòmasyon sou moun nan kay la.

1. Kantite adilt ki rete nan kay la:   Kantite timoun:   Total:   { Ekri salè chak moun ki lakay la ki gen non yon nan seksyon 4 la.

2. Si gen moun nan kay la ki PEYE child support kè tribunal òdonè, tanpri di ki kantite lajan li bay: \$  { (Repons ou yo ka detèminen dediksyon epi ya kalifye pitit ou pou asirans mwen chè.)

Non mous lan ki peye li:

3. Si ou ap fè aplikasyon pou yon timoun ki poko fèt, ki lè li sipoze fèt?       (Mwa/Jou/Ane)

4. Èske pitit ou an gen bòdwo swen medikal nan twa mwa ki fèk pase yo ki poko peye?  Wi  Non



### SEKSYON 4. Enfòmasyon sou revni pa mwa. Swiv endikasyon nan chak kolòn. Ekri montan revni a ANVAN enpo ak lòt dediksyon. Sèvi ak yon fèy papye siplemantè si li nesèsè. (Li enstriksyon yo pou plis enfòmasyon.)

#### SEKSYON 4a. Kòb ke-w touche nan travay ou (Earned Income). Si pa gen granmoun nan kay la ki gen salè, ekri "OKENN" nan premye kolòn nan.

Non moun ki abite nan kay la <small>(prenon ak sijati)</small>	Èske moun sa se yon etidyan aprentan? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non	Salè nan travay li pa mwa	Konbyen fwa pa mwa konpanyi an peye moun sa <small>(chak mwa? De fwa pa mwa? Chak de semèn? Chak semèn?)</small>	Salè pa mwa si moun sa travay ak tèt li	Èske-w mete prèv salè travay pou kat dènye semenn yo? <small>(li enstriksyon yo pou w jwenn egzanp)</small>
	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
	<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non				<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

#### SEKSYON 4b. Kòb ke-w resevwa san ou pa travay pou li (Unearned Income). Si pa gen moun nan fanmi an ki resevwa benefis sou fòm lajan, ekri "OKENN" nan premye kolòn nan.

Non moun na <small>(prenon ak sijati)</small>	Montan chèk sosyal sekirite li resevwa chak mwa	Montan chèk SSI li resevwa l chak mwa	Montan chèk benefis pou moun ki nan chomaj li resevwa chak mwa	Salè pa mwa nan nenpòt lòt sous, tankou asirans aksidan nan travay oubyen envèstisman	Èske w mete prèv salè sila yo? <small>(li enstriksyon yo pou w jwenn egzanp)</small>
					<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
					<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
					<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
					<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non

#### SEKSYON 4c. Pansyon alimentantè pou timoun ou resevwa. Si pa gen moun nan fanmi an ki resevwa benefis sou fòm lajan, ekri "OKENN" nan premye kolòn nan.

Non timoun nan <small>(Prenon ak sijati)</small>	Montan pansyon alimentantè pou timoun ou resevwa <small>(si se pa yon lòd tribinal pase, esplike pi ba la a)</small>	Èske ou mete prèv pou pansyon alimentantè pou timoun ou resevwa pou dènye kat semenn yo?
		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
		<input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non



**Seksyon 4 (a, b, c) Rapèl.** Anvan ou kontinye ak pwochen seksyon an, fè atansyon pou ou pa bliye mete kopi prèv tout revni ou yo. Si revni ou an diferan kounye la pase revni sou tout dokiman wap voye yo, esplike diferans lan nan seksyon vid sa a.



### SEKSYON 5. Gadri/Swen apre lekòl. Ekri peman ou fè pou gadri pou yon timoun oubyen pou yon granmoun enfim pou yon lòt moun nan fanmi w ka travay. Ou pa bezwen bay prèv peman gadri yo. Si pa gen peman pou gadri, ekri "Okenn" nan premye kolòn nan.

Non moun ki nan gadri a <small>(Prenon ak sijati)</small>	Montan peman gadri pa mwa ki peye pou chak moun ki nan gadri	Moun ki peye pou swen an
		<input type="checkbox"/> Paran Nimewo 1 <input type="checkbox"/> Paran Nimewo 2 <input type="checkbox"/> Lòt
		<input type="checkbox"/> Paran Nimewo 1 <input type="checkbox"/> Paran Nimewo 2 <input type="checkbox"/> Lòt
		<input type="checkbox"/> Paran Nimewo 1 <input type="checkbox"/> Paran Nimewo 2 <input type="checkbox"/> Lòt



### SEKSYON 6. Sètifikasyon ak otorizasyon.

- Mwen sètifye enfòmasyon mwen ekri sou aplikasyon an se laverite epi li korèk dapre enfòmasyon mwen genyen. Mwen konprann ke si mwen bay enfòmasyon ki pa vre oubyen si mwen pa bay enfòmasyon e pitit mwen yo resevwa avantaj yo pa kalifye pou resevwa, mwen ka pini dapre lalwa pou krim.
- Mwen konnen enfòmasyon sa a ap rete konfidansyèl dapre lalwa leta Florida a ak lalwa federal.
- Mwen konprann ke enfòmasyon mwen mete nan aplikasyon sa a papral jwenn sèvis imigrasyon ak sitwayènte ameriken (USCIS).
- Mwen konnen yo pral verifiye enfòmasyon mwen bay, swa nan korespondans ak lòt dosye nan òdinatè epi yo ka mande mwen apre pou bay lòt enfòmasyon siplemantè.
- Mwen bay otorizasyon pou distribye enfòmasyon pèsònèl, finansyè ak medikal pou detèmine kalifikasyon, fè rechèch oubyen pou founi tretman medikal, peman epi administrasyon.
- Mwen sètifye ke enfòmasyon ki sou aplikasyon an tabli idantite timoun ki poko gen 16 an.
- Mwen bay otorizasyon pou sèvi ak adrès imel ki make sou aplikasyon sa a pou resevwa enfòmasyon jeneral ak rapèl/avètisman sou pwogram lan.
- Mwen li epi mwen konprann dwa ak responsablite mwen yo ki gen rapò ak pwogram Medicaid.
- Mwen konnen pwogram Florida KidCare la paka deskrimine akòz de ras, koulè po, sèks, laj, enfimite, relijyon, nasyonalite oubyen sou pati politik.

**SIYEN OBLIGATWA**

**SIYEN NON W SOU TOUDE LIY YO**

**SIYATI OBLIGATWA**

Mwen sètifye, E mwen konnen ke lalwa ka pini m si m bay manti, ke pa gen manti nan sa ki ekri sou okenn nan timoun ki gen non yo nan aplikasyon sa.

DAT: \_\_\_\_\_

DAT: \_\_\_\_\_